



Language: Kirundi

Ubufasha ku Bibazo vyo mu Mutwe ku bantu bava mu mico itandukanye

Ku bantu bava mu mico hamwe n'indimi bitandukanye

Ibigize Ubufasha:

- Burahabwa abantu bava mu mico canke indimi bitandukanye(CALD) bafise imyaka 12 n'iyirenga bafise umuruho ubayabaye canke wiyongereye wo mu mutwe kandi bakaba bafise ikarata y'ubuvuzi ikwije ivya ngombwa.
- Abatwitura barashobora kuronka impanuro ku bibazo vyo mu mutwe biciye mu mibonano migufi migufi(gushika ku mibonano 10) hisunzwe imico yabo kandi izo mpanuro zikaba zitangwa hishimikijwe ivyemezo vyemeza ibintu vyabaye
- Abasobanuzi b'indimi barashobora gukoreshwa igihe bikenewe
- Ubwo bufasha buraboneka hose mu gisagara ca Perth
- Ni ku buntu kandi amakuru yawe ntakwiragizwa ahandi

Ibibanza vyacu mwodusangamwo:

- Leederville
- Mirrabooka
- Langford
- Turagusavye uzotumenyeshe igihe woba ukeneye ubufasha bwegereye i muhira iwawe

Gushikira no kuronka Ubufasha:

Ukurungikwa ku muganga abimenyereye kurakenewe kugira uhabwe impanuro. Turagusavye uvugane n'umuganga wawe kugira arabe ibijanye n'ukwo kurungikwa.

Abantu batarimwo muri ubu Bufasha:

- Abatwitura bafise ingeramizi nini canke ibibazo bidasanze
- Ingwara yo mu mutwe ikaze kandi ibangamiye amagara, nk'akarorero: ingorane zo mu mutwe zituma umuntu agira iviyumviro bidatumbereye, ingorane zo mu mutwe zituma umuntu yiyumvira canke yifata mu buryo budatumbereye, ingorane zo mu mutwe zituma umuntu ahinduka ukuntu amerewe, umwanya umwe akaba aryohewe cane uwundi mwanya akaba ababaye cane, ingorane zo mu mutwe zituma umuntu agira ishavu n'umubabaro inyuma y'isanganya yamushikiye, ibibazo vyo kudashobora kwiga, ingwara yo mu mutwe ituma umuntu yigungira ukwiwe kandi nta kundi no kuganira n'abandi, ibibazo vyo gusamara, ibibazo vy'ubumuga, ibibazo bihambaye bijanye n'ibiyayuramutwe n'inzoga.
- Abantu bafashwa muri wa mugambi wa Reta wagenewe abafise ubumuga (umugambi NDIS)
- Abantu batemerewe kuronswa ubufasha bw'umugambi wa Reta Medicare ufasha abantu kwivuzza (abantu badafise ikarata y'uwo mugambi wa Medicare itarata igihe)

*Ubu si ubufasha ku bantu bahuye n'ingorane zinaka haba mu vy'ubutunzi canke izindi ngorane zitandukanye.

Vugana natwe:

Ushaka ayandi makuru canke ufise ico ubaza:

Terefone: 0418 724 549

Email: cdps@lwb.org.au

Ja kuri uru rubuga ngurukanabumenyi:

www.lwb.org.au/CDPS

LIFE WITHOUT BARRIERS

Ubu Bufasha ku bibazo vyo mu mutwe ku bantu bava mu mico itandukanye bufashwe mu mugongo n'imfashanyo y'Ubuvuzi bw'Intango bwa Australia yo mu Burengerero (WA Primary Health Alliance) hifashishijwe umugambi wa Reta ya Australia